

**HAITIAN RESOURCE DEVELOPMENT FOUNDATION**  
Willingness, Know-How, Resources

Weston, Florida, Port-au-Prince and Aquin, Haiti  
Aldy Castor, M.D., President [aldyc@att.net](mailto:aldyc@att.net)  
954.873.0064, 509.3.685.1931



The Haitian Resource Development Foundation <[hrdf.org](http://hrdf.org)>, is a 501(c)3 non-profit organization established in 1987. It has US Tax No. 72-1074482 and is also registered with the Government of Haiti as a non-profit, No. MPCEFP/1993/94/17, and with the Ministry of Planning and External Cooperation as No. B-0167. HRDF's mission is to initiate and support projects that develop Haiti's resources through programs in the fields of health care, education, scientific research, arts and culture and economy.

**"FROM THE MOUNTAINS TO THE SEA"**  
**From Charity to Development**



**Triyang Toto a: Yon diaspora nan AMHE**

Komite ki nan tèt *Association Médicale Haïtienne à l'Étranger (AMHE)* a, te envite m vin fè on ti chita pale sou tèm, “*Kisa yon moun deyò wè yo ki kapab fèt pou bay AMHE jarèt pou l kapab vin pi djanm*”. Genyen yon kesyon ki te tou vini nan lespri m menm moman an. Poukisa yo wè m kòm moun deyò pandan mwen fè pati asosiyasyon an depi prèske 25 lane? Menm si envitasyon an tè fè m plezi sa pa t anpeche m poze tèt mwen kesyon sa yo : pouki sa se mwen ? Èske se pa esperyans mwen fè depi lè m kite Ayiti ansanm ak sa mwen reprezante kò m dyaspora jounen jodiya ki se pi gwo rezon ki fè se mwen yo chwazi ?

Mwen vin reyalize, se wout mwen fè, esperyans mwen genyen pil vwayaj kiltirèlmwen fè yo, met sou sa koneksyon mwen genyen ansanm ak Ayiti a ki fè mwen wè bagay yo on lòt jan. Sanble se yon esperyans konsa menm komite a te bezwen, esperyans yon moun ki chita sou sa l wè nan 4 kwen kontinan an.

Istwa m koumanse nan peyi Dayiti, ak kadans konpa, ti zanmi m, Ti Jacques ak ti Michel, ak bon griyo, bannann peze, pikliz, kote tout bagay sa yo asizonnen ak vodou ki mare kònn ak kristanis tankou de bon zanmi. Se tout bagay ki fè m fyè konsa de kilti m, se bagay sa yo ki fè tou zonbi gouste sèl mwen pa t mande sispann dekouvri lòt kilti ki genyen nan monn nan.

Mwen pati kite Ayiti pou m ale nan peyi lòt bo dlo lè m te genyen 19 lane. Mwen fè vwèl nan peyi Meksik. Mwen rankontre, El Pollo, El Chachis, mwen dekouvri chalè mariachis yo, bèl seremoni legliz yo, 2 manje koupe dwèt, *posole* ak *mole*, 2 pla ki repezante kilti Meksiko a byen : yo konplike, wa santi bon pa w, e yo chita nan nannan listwa Meksik.

Après mwen ale nan Bronx ki nan vil New York, wa ta di yon tchaka nan zafè kilti. Mwen vin fè konesans Jimmy, Fred, Stuart, ki lage m nan jazz ak gospel, 2 estil mizik ki cho menm jan ak katye kote yo sòti a. Manje a menm se koupe dwèt, tankou yon gwo tonton resepsyon, chak kout kiyè rakonte yon istwa yon istwa nan monn nan.

Mwen vin kite l pou m al rete Lafayette nan Louisiane, ki nan fon sid la. Mwen kontre, kèk Boudreau, Thibodeau ak Arcenaux, yo lage m nan mizik *cajun* ak *zydeco*, yo fè m dekouvri *gombo* ak *crawfish toufe*. Manje sa yo ki selebre yon eritaj ki rele yo chè mèt, chè mètrès, ki makonnen ansanm enfluyans franse, kreyòl ak akadyen.

Ebyen kounya depi prèske 25 lane map viv nan Weston ki nan sid Florid, yon vil ki tankou ti yon ONU katye. Ou jwenn vèzezyelyen, kolonbyen, ris, ikrenyen, kiben, ayisyen, arab, jwif, japonè pou m site nasyon sa yo sèlman, san nou pa bliye yon ti ponyen ameriken natif natal k ap viv la tou.

Chak etap mwen pran aprann mwen plis bagay toujou. Men wout mwen pa t menm ak pa kèk lòt manm nan AMHE, ki yo menm te toujou kenbe kontak ak inivèsite leta ayisyen an, alma mater yo.

Diferans ki genyen ant mwen kèk lòt mam nan AMHE se esperyans mwen. Esperyans mwen fè, fè m gen yon ti di plis ki fè m reflechi yon lòt jan. Jan mwen wè bagay yo pa ni pi bon, ni pi mal, mwen sèlman wè yo lòt jan. E diferans sila chita nan posiblite mwen genyen pou m pote yon lòt vizyon ki charye plizyè kilti diferan. Yon souf nèf pou chaje djakout AMHE pou l kapab simaye pwovizyon.

64 doktè ayisyen kreye AMHE nan lane 1972 lopital Harlem. Jounen jodiya AMHE presk genyen 150 manm. Se yon gwo pilye, ki fè pon ant Ayiti ak sektè medikal nan dyaspora a. Men fò m di nou, AMHE ap rankontre ak kèk gwo defikilte tankou : a) yon dezekilib nan jenerasyon manm li yo, kote majorite nan yo pral oswa pran retrèt yo deja. b) pa genyen anpil nouvo manm, jèn doktè kounya pito ale nan òganizasyon ki gen estrikti modèn, men tou ki bay plis opòtinite pou yo fè lajan.

Lè mwen t ap viv nan Louisiane mwen te rantre nan *National Medical Association (NMA)*, ki se yon modèl tèt ansanm ak devlopman. 8 doktè afro-ameriken te kreye NMA nan lane 1895. Jounen jodiya NMA genye plis pase 30 000 manm, ki sòti nan 112 lòt sosyete ki ap kolabore ak li. NMA rive leve gwo defi li yo gras ak kolaborasyon li fè ak entitasyon tankou *American Medical Association (AMA)*, *Association of American Medical Colleges (AAMC)*. Kolaborasyon sa yo ouvè pòt pou plis moun nwa kapab aprann medsin.

Mwen vin genyen okazyon pou m akonpaye kèk manm NMA nan yon seyans *lobbying* (chita pale) ansanm ak senatè federal Orrin Hatch, ki te prezidan komite senatè yo nan epòk sa. Komite senate yo, ap travay pou rezoud pwoblèm lasante, edikasyon, travay ak retrèt nan epòk sa. Mwen aprann yon kokenn chenn leson jou sa. Lè tout manm yon asosiyasyon mete tèt yo ansanm pou yo pale tankou yon sèl vwa, yo kapab chanje politik piblik, pou ede popilasyon an jwenn laswensay epi defann sila ki pi fèb yo.

Aprè reyinyon sa a, AMHE te òganize yon aktivite pou ranmase lajan nan Ritz Carlton, youn nan pi gwo otèl nan Fort Lauderdale. Lè w kanpe lòt bò sa w ap gad lanmè a souf ou ka koupe tèlman lanmè a bèl. Se te gwo koze, ti diven, ti pale chèlbè, ti bwòde tout gwo dyaspora ayisyen yo te la, fanm yo te abiye pou tout kòb yo, yo te an pen.

Pandan resepsyon an, gen yon ameriken ki te di m yon bagay antre nan santiman m. Li te di m : “*Poukisa ayisyen yo, se ameriken ki rich yo, yo bay lajan sa a y ap ranmase pou ayisyen ki nan mizè nan peyi Dayiti?*” Mwen pa t konn sou ki pye pou m te danse apre kesyon sa, men, mwen te reponn li : “*paske gouvènman ameriken an fè menm bagay la tou, li bay ayisyen nan peyi Dayiti ki rich yo, lajan ki te dwe ede ameriken ki nan mizè yo. Sa rele ban m ap ba w.*”

Anba ti blag sa genyen yon reyalite ki mande pou nou reflechi sou li. Nan peyi Dayiti, tankou nan mitan dyaspora a, fè wè se yon bagay ki enpòtan anpil anpil. Bay pou moun kapab wè tounen yon mwayen, pou moun montre yo kichòy, yo son afè. Moun nan bezwen parèt tankou yon limyè te mèt se pou yon minit sèlman, se kòm si li vle klere fè nwa ki make listwa pèp ayisyen an. Nan fèt la, pandan m ap koule ti gwòg mwen, bay ti blag nou, mwen panse : « menm lè n ap fè yon bon yon aksyon, anba anba genyen, yon ti malis kache, fòk nou parèt. »

Pou nou goumen ak fè nwa senbolik sa ki gaye sou Ayiti a, nou vin kreye sa yo rele yon imaj mantal. Fè wè vin tounen youn nan pi gwo senbòl ki montre yon moun rive. Kit se nan Ritz Calton nan Fort Lauderdale kote dyaspora ap bay payèt, oswa nan gwo antèman nan Aken, kote malere bouda won ap fòse pete kare nan prete gwo lajan pou fè gwo antèman gagòt. Bagay sa yo montre tout moun ap chèche fè sosyete a wè yo rive. Nan tèt tout ayisyen genyen yon sèl fim k ap jwe li rele : fè wè. Jan moun yo ap ajì a, se tankou yon powè m oswa yon istwa ki tris, men sa ede yo mete yon ti koulè nan lavi yo, lè yo pa wè ni devan ni dèyè, lè yo pa konnen si pou yon monte si pou yo desann . Wa chèlbè w pa w, wa bwòde pa w poutan ti trip ap vale gwo trip.

Toto, yon nonm ki genyen yon bon lespri, ki ap viv nan Aken te ede m konprann sa an matematik : <<Ayiti ta dwe tankou yon triyang izosèl, Pouvwa (P), Lajan (L), Konsans (K), chak pwen sa yo ta dwe genyen bon ekilib. Men anpil fwa tout moun ap kouri dèyè pouvwa, ak lajan sèlman men yo bliye konesans lan. >>. Pou peyi a devlope fòk nou rejwenn ekilib sa a, fòk nou envesti nan Konsans, nan yo edikasyon layik, gratis ti cheri, ki a rive jwenn tout moun alawonnbadè.

AMHE kapab gade sou ekilib sa a, pou l bati yon bon plan. Poukisa nou pa ta panse kolabore ak NMA ? Nou ta kapab vini yon branch ayisyen natif natal anba yo. Yon aksyon konsa t ap pèmèt nou vin genyen kontak, lòt resous, e li t ap pèmèt nou pote plis bagay nan djkout nou san nou pa bliye kiyès nou ye.

AMHE genyen yon bèl avni. Ak yon bon plan, bon jan angajman, li kapab tounen youn nan gwo aktè nan devlopman medsin nan peyi Dayiti. Ou pa janm konnen, si AMHE rive jwenn ekilib « *triyang toto* » pa l la, Ayiti kapab gade sou li pou l fè menm jan. Paske nan monn sa, pa gen pi bèl limyè pase limyè k ap klere chimen konesans.

Doktè Aldy Castor  
17 desanm 2024